Bhaibheri Revana

Kuvapo



Noa neMafashamo Makuru

Yakanyorwa na: Edward Hughes

Zvakaratidzwa na: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

Yakadziridzwa ne: M. Maillot; Tammy S.

Yakaturikirwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.
Rezinesi: Une kodzero yekukopa kana kudhinda nyaya iyi, chero ukasaitengesa.

Noa akanga ari munhu ainamata Mwari. Vamwe vese vaivenga nekusateerera Mwari. Rimwe zuva, Mwari akataura chimwe chinhu chinokatyamadza. "Ndichaparadza nyika ino yakaipa," Mwari akaudza Noa. "Mhuri yako chete ndiyo ichaponeswa."

Mwari akanyevera Noa kuti mafashamo makuru aizouya ofukidza nyika. "Vaka areka yematanda, igwa rakakura zvakakwana nokuda kwemhuri yako nemhuka dzakawanda," Noa akarairwa kudaro. Mwari akapa Noa mirayiridzo chaiyo. Noah akabatikana!

3

Vanhu zvimwe vakaseka Noa paaitsanangura chikonzero nei akanga achigadzira areka.

Noa akaramba achivaka. Akarambawo achiudza vanhu nezvaMwari. Hapana akateerera.



4

Noa aiva nokutenda kukuru. Akatenda Mwari kunyangwe mvura yakanga isati yambonaya. Nokukurumidza areka yakanga yava kuda kutakurwa zvinhu.

5

Zvino kwakauya mhuka. Mwari vakaunza zvinomwe zvemamwe marudzi, maviri ezvimwe. Shiri huru nediki, mhuka duku nedzirefu dzakaenda kuareka.

6

Zvichida vanhu vakapopotera Noa achitutira mhuka. Havana kurega kutadzira Mwari. Havana kukumbira kupinda muareka.

7

Pakupedzisira, mhuka dzose neshiri zvakapinda muareka.
"Pinda muareka," Mwari akakoka Noa.
"Iwe nemhuri yako." Noa, mudzimai wake, vanakomana vake vatatu nemadzimai avo vakapinda muareka. Mwari akabva avhara suo!



8

Mvura yakabva yauya. Mvura zhinji yakanaya panyika kwemazuva makumi mana nousiku makumi mana.

9

Mafashamo akadirana mumaguta nemisha. Mvura payakamira, kunyange makomo akanga ari pasi pemvura. Zvose zvaifema mweya zvakafa.

10



Mvura sezvayaikwira, areka yakayangarara pamusoro. Mukati munogona kunge maiva nerima, zvichida magandanga, uye zvichida kutotyisa. Asi areka yakadzivirira Noa kubva kumafashamo.

11

Pashure pemwedzi mishanu yemafashamo, Mwari akatuma mhepo inopisa. Zvishoma nezvishoma, areka yakamira pamusoro pemakomo eArarati. Nowa akagara mukati memamwe mazuva makumi mana mvura ichiderera.

12

Noa akabudisa gunguo nenjiva nepahwindo reareka rakanga rakazaruka. Isina kuwana nzvimbo yakaoma yakachena yokuzororera, njiva yakadzokera kuna Noa.

13

Kwapera vhiki, Noa akaedzazve. Njiva yakadzoka neshizha idzva remuorivhi mumuromo mayo. Vhiki rakatevera Noa akaziva kuti nyika yakanga yaoma nokuti njiva yakanga isingadzoki.

14

Mwari akaudza Noa kuti yakanga yava nguva yokubuda muareka. Pamwe chete, Noa nemhuri yake mhuka.

15

Noa anofanira kuve akaonga sei! Akavaka aritari akanamata Mwari uyo akanga amuponesa iye nemhuri yake kubva mumafashamo makuru.

16

Mwari akapa Noa chipikirwa chinoshamisa. Haaizotumazve mafashamo kuzotonga zvivi zvevanhu. Mwari akapa chiyeuchidzo chikuru



chevimbiso yake. Murarabungu waiva chiratidzo chechipikirwa chaMwari.

17

Noa nemhuri yake vakawana mavambo matsva pashure pemafashamo. Nokufamba kwenguva, vazukuru vake vakaitazve vanhu panyika yose. Marudzi ose enyika



akabva kuna Noa nevana vake.

18

Noa neMafashamo Makuru

Nyaya inobva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Genesi 6-10

"Kupinda kweMashoko enyu kunopa chiedza."
Pisarema 119:130

19

Magumo

20

Nyaya yomu Bhaibheri iyi inotiudza nezvaMwari wedu anoshamisa akatisika uye anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti takaita zvinhu zvakaipa, zvaanoti kutadza. Murango wechivi rufu, asi Mwari vanokuda zvikuru vakatuma Mwanakomana wavo mumwe chete, Jesu, kuti afire pamuchinjikwa agorangwa nokuda kwezvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka uye akaenda kumusha Kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuti akuregerere zvivi zvako, anozviita! Achauya ogara mauri iko zvino, uye iwe uchagara naye nokusingaperi.

Kana uchitenda kuti ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Jesu anodikanwa, ndinotenda kuti muri Mwari, mukava munhu wokufira zvivi zvangu, uye zvino mava kurarama zvakare. Ndapota huyai muhupenyu hwangu mundiregerere zvitadzo zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva ikozvino, uye rimwe zuva ndigova nemi nokusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererei uye ndikuraramirei semwana wenyu. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye taura naMwari zuva nezuva! Johani 3:16